



NYC Housing Recovery
 212-615-8329
 housing@recovery.nyc.gov
 nyc.gov/builditback

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvoulè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

F6

FÒMILÈ OTOSÈTIFIKASYON REVNI POU LOKATÈ-PWOPRIYETÈ

Kòman pou ou ranpli fòmilè sa a: Mete yon won otou de kantite moun ki nan fwaye ou, lè fini **make bwat lan** ki koresponn avèk revni anyèl pou tout fwaye lan. Pou jwenn yon deskripsyon sou sa ki enkli nan revni yo, silvoulè gade sou paj swivan an nan dokiman sa a.

Silvoulè mete nenpòt chanjman ki pral vin nan lavni nan konpozisyon fwaye ou epi/oubyen nan sous revni ki pral fèt nan 12 mwa kap vini yo, epi mete yon eksplikasyon pou tout chanjman nan espas ki rezève pou sa an.

Silvoulè mete yon mak bò kote gam revni ou ki baze sou kantite moun ki nan fwaye ou (pa egzanp, si gen 5 moun nan fwaye ou, ale sou liy 5; si genyen 8 oubyen plis moun nan fwaye ou, ale nan liy 8):

of Members
in Household

1	<input type="checkbox"/> 0-\$18,050	<input type="checkbox"/> \$18,051-\$30,100	<input type="checkbox"/> \$30,101-\$48,100	<input type="checkbox"/> \$48,101-\$99,330	<input type="checkbox"/> \$99,331+
2	<input type="checkbox"/> 0-\$20,600	<input type="checkbox"/> \$20,601-\$34,400	<input type="checkbox"/> \$34,401-\$55,000	<input type="checkbox"/> \$55,001-\$113,520	<input type="checkbox"/> \$113,521+
3	<input type="checkbox"/> 0-\$23,200	<input type="checkbox"/> \$23,201-\$38,700	<input type="checkbox"/> \$38,701-\$61,850	<input type="checkbox"/> \$61,851-\$127,710	<input type="checkbox"/> \$127,711+
4	<input type="checkbox"/> 0-\$25,750	<input type="checkbox"/> \$25,751-\$42,950	<input type="checkbox"/> \$42,951-\$68,700	<input type="checkbox"/> \$68,701-\$141,735	<input type="checkbox"/> \$141,736+
5	<input type="checkbox"/> 0-\$27,850	<input type="checkbox"/> \$27,851-\$46,400	<input type="checkbox"/> \$46,401-\$74,200	<input type="checkbox"/> \$74,201-\$153,120	<input type="checkbox"/> \$153,121+
6	<input type="checkbox"/> 0-\$29,900	<input type="checkbox"/> \$29,901-\$49,850	<input type="checkbox"/> \$49,851-\$79,700	<input type="checkbox"/> \$79,701-\$164,505	<input type="checkbox"/> \$164,506+
7	<input type="checkbox"/> 0-\$31,950	<input type="checkbox"/> \$31,951-\$53,300	<input type="checkbox"/> \$53,301-\$85,200	<input type="checkbox"/> \$85,201-\$175,890	<input type="checkbox"/> \$175,891+
8	<input type="checkbox"/> 0-\$34,000	<input type="checkbox"/> \$34,001-\$56,700	<input type="checkbox"/> \$56,701-\$90,700	<input type="checkbox"/> \$90,701-\$187,110	<input type="checkbox"/> \$187,111+

Se pou ou atache tout jistifikatif.

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

 Non demandan an(an lèt detache) Siyati Demandan an Dat

Si revni fwaye an ou chwazi an diferan de sa ki nan dokiman ou remèt yo paske gen yon chanjman ki fèt oubyen ki pral fèt nan sous revni ou oubyen nan konpozisyon fwaye an, silvoulè eksplike chanjman an:

POU CHÈF FANMI AN SÈLMAN

Enfòmasyon ki pi ba la a ap kolekte pou asire respè règleman Ekite nan Lojman ak Egalite Opòtinite (Fair Housing and Equal Opportunity).

Ras: Silvoulè make ras ou:

- Blan
- Nwa/Afwo-Ameriken
- Azyatik
- Amerendyen/Natif Alaska
- Natif Awayi/Lòt Natif Il Pasifik
- Blan & Amerendyen/Natif Alaska
- Blan & Azyatik
- White & Nwa/Afwo-Ameriken
- Nwa/Afwo-Ameriken & Amerendyen/Natif Alaska
- Lòt Milti-Rasyal
- Refize reponn

Orijin etnik: Silvoulè chwazi gwoup etnik:

- Ispanik oubyen Latino
- Non Ispanik oubyen Latino
- Refize reponn

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

Definisyon revni an se total tout revni anyèl tout manm fanmi epi moun ki pa fanmi kap viv nan kay lan fè kòm lajan nan yon ane. Revni ki soti nan sous ki liste pi ba yo **dwe parèt** pou tout moun kap viv nan kay lan:

1. Lajan salè, poubwa, ets.;
2. Enterè enpozab;
3. Dividand;
4. Ranbousman, kredi oubyen lajan konpansasyon sou enpo sou revni ou peye Eta an epi nan nivo lokal ki enpozab¹;
5. Pansyon alimantè apre divòs (oubyen lòt peman pou antretyen) moun lan resevwa;
6. Montan nèt revni (oubyen pèt) pwofesyonèl;
7. Pli-vali fiskal (oubyen pèt);
8. Lòt gen (oubyen pèt) (pa egzansp aktif ki sèvi nan yon metye oubyen yon biznis apre yon echanj oubyen vant);
9. Montan distribisyon enpozab sou kont retrèt endividyèl (*individual retirement account* IRA). (Pami distribisyon sa yo genyen pansyon senplifye pou anplwaye yo (*Simplified Employee Pension – SEP*) epi plan ensitasyon pou anplwaye epaye lajan ki bay lajan an kontrepati pou ankouraje epay [SIMPLE] IRA.);
10. Montan peman enpozab pou pansyon ak rant;
11. Lajan lwaye kay, dwa dotè, patenarya, sosyete S, fidisi, ets.;
12. Revni agrikòl;
13. Peman konpansasyon pou chomaj;
14. Montan enpozab sou benefis sekirite sosyal;
15. Lòt revni. (Ki gen ladan l: prim ak rekonpans; jwèt aza, gen nan lotri oubyen raf; onorè yo peye pou jire; dividand nan Alaska Permanent fund; ranbousman pou montan ki te dedwi nan ane presedan; revni sou byen ki an lokasyon si biznis prensipal lan se pa lwe kay; epi revni ki jenere avèk yon aktivite moun lan pat fè pou jenere benefis).

Revni ki soti nan sous ki liste pi ba yo kapab **ekskli**:

1. Pansyon alimantè pou timoun;
2. Lajan oubyen byen ki se eritaj, sede pa testaman, oubyen ki ofri an kado;
3. Pwodwi asirans vi yon moun resevwa kòm konekans yon lanmò.

¹ Genyen kèk eksepsyon – gade enstriksyon pou Fòmilè 1040 pou IRS pou enfòmasyon.